



An tan ke doktè w, nou la pou n ba w pi bon swen posib. Se poutèt sa nou bezwen ou konprann politik nou nan zafè lajan.

Chak fwa ou vîn nan klinik nou, n ap mande pou w prezante kat asirans ou. Ou va di nou si gen chanjman nan non w, adrès ou, telefòn ou, oubyen asirans ou. Anvan ou vin nan randevou, tyeke asirans ou, pou w kab genyen bon enfòmasyon sou kopeman, dediktib, referans, etc.

Amwenske gen lòt aranjman, ou sipoze peye kopeman, koasirans ak tout lòt balans ke ou te dwe, lè ou vin nan klinik la. Malad yo fèt pou peye pou tout sèvis nou, si konpayi asirans yo pa peye. Lè ou moun malad pa peye, nou ka remèt dosye li bay yon ajans rekouvremant oubyen nan tribinal.

Si nan 90 jou, konpayi asirans ou pa reponn yon demann pèman, n ap mete dèt la sou kont malad la oubyen sou kont moun ki responsab malad la. E si nou pa resevwa lajan sa a rapidman, n ap voye ka a nan rekouvremant oubyen nan tribinal.

Nou travay avèk Medicare, e n ap aplike pou ou nan Medicare. Tout sèvis rutin ke Medicare pa kouvri (pa egzamp, egzamen pou chèche konnen si w gen yon maladi), ou sipoze peye yo lè w vin nan randevou. Nou mande pou w peye 20% nan lajan Medicare pèmèt, ak tout lòt balans ki te rete lè randevou a.

Si nou pa travay avèk plan w nan, n ap ba w yon resi pou rampli avèk konpayi asirans ou. Nou pa aksepte Lèt Pwoteksyon nan zafè auto liability. Nou pa patisipe nan tretman maladi travayè ki nan Compensation claims.

Si labank retounen yon chèk ke w te ban nou, n ap chaje \$20 anplis sou kont ou. Nou vle raple w ke sak enterese nou, se ou mem avèk sante w, se pa konpayi asirans ou. Nou konprann ke pafwa, ou ka gen yon ijans ki fè w pa ka peye atan. Si sa rive, kontakte nou rapidman pou n ka ede w jere kont ou.

Nenpòt ki lè ou ta vle poze nou yon kesyon, silvoulè, voye yo dirèkteman nan biwo manadyè nou.

Siyati malad la _____ Dat _____

Temwen _____ Dat _____